

Cikal Bakale Menungsa karo cerita-cerita ligane teka Kitab Suci

Bahasa Jawa Tengger



© Hak cipta TBBT 2013
© gambar-gambar oleh Read and Grow
Untuk golongan sendiri

Daftar isi buku

1. Cikal bakale menungsa
2. Menungsa nglanggar prentahe Pengeran
3. Asal mula susah payahe menungsa
4. Banjir gede
5. Janjine Pengeran nang Abraham
6. Wong Ibrani nerima prentahe Pengeran
7. Janjine Pengeran nang Raja Daud
8. Ramalane Nabi Yesaya
9. Laire Yesus
10. Terigu katek alang-alang
11. Angin katek ombak manut nang Yesus
12. Ewonan setan manut nang Yesus
13. Sarate melu Yesus
14. Swarga karo neraka
15. Yesus nguripen wong mati
16. Wong dosa sing kepengen weroh Yesus
17. Yesus nerima putusan diukum pati
18. Yesus diukum pati
19. Yesus urip maneh teka pepati
20. Yesus munggah nang swarga
21. Murite Yesus digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran
22. Ciri-cirine wong sing digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran
23. Yesus bakale ngakimi kabeh menungsa





1. Cikal Bakale Menungsa

Kawitane Gusti **Pengeran** sing nggawe ndunya sak'isine. Maringono Pengeran nggawe menungsa sing asale teka lemah. Lemah iku digenei ambek'an terus dadi menungsa lanang sing urip. Menungsa iku dijenengi Adam. Adam dikongkon manggon ning taman sing lenah temanan. Tandur tuwuh paran wae ana. Woh-wohan ning taman iku sing dadi pangane Adam.

Ning tengaha taman ana wit-witan, loro kabehe. Wit sing siji, wohe bisa nggenehi urip langgeng nang menungsa, sing sijine maneh bisa nggenei ilmu.



Maringono Pengeran guneman nang Adam, "Sak'kabehe woh-wohan ning taman iki kenek sira pangan. Tapikne woh sing bisa nggenehi ilmu ajok sira pangan. Nek sira nglanggar printahe reang, terus mangan woh iku, sira bakale mati.

Terus Pengeren mikir, "Orak apik nek menungsa urip dewek'an." Terus Pengeren nekak'en sak'anane kewan nang Adam. Tapi nyatane nanak sing cocok dadi rewange Adam.



Terus Pengeren nggawe Adam keturon, entah wong kesirep. Na, belung gambange Adam dijupuk, terus kulit karo daginge dibalek'en maneh.



Teka belung gambang iku, Pengeren nggawe wong wedok. Pas Adam ndeleng wong wedok iku, Adam seneng temenan terus guneman, "La iki cocok dadi rewange reang, merga dijupuk teka belung daginge reang dewe."


Adam karo wong wedok iku pada muda blejet tapi orak rumangsa esen. Na, nurut Pengeren, kabeh sing wes digawe iku mau pancen apik temenan.





2. Menungsa nglanggar prentahe Pengeran

Sak'wijine dina, Hawa, bojone Adam, campuh karo ula ning taman. Na, Ula kepengen nggorohi Hawa, terus takon, "Bener tah Pengeran orak ngolehi sira mangan woh-wohan kabeh ning taman iki?"



Hawa nyauri,
"Orak ngono.
Guneme Pengeran
ngene, 'Woh-wohan
kabeh ning taman iki
kenek sira pangan
Tapikne, wohe wit
sing genei ilmu, ajo
sira pangan, ya ajo sira utik. Nek sira
nglanggar prentahe reang, sira bakale
mati.'"

Tapikne sing ula guneman, "Sira orak
kira mati. Nek sira mangan woh iku, sira
bakal tiru Pengeran, terus sira bisa weroh
sing apik katek sing elek."

Maringono Hawa ndeleng woh iku kok
ketok'e wuenak dipangan. Apa maneh woh

iku bisa nggenei ilmu.
 Sidane kemlecer,
 dipetik, dipangan.
 Maringono diwe'en
 nang Adam. Wong
 loro pada mangan.
 Bareng mari mangan,
 sing maune orak rumangsa esen, sak'iki



rumangsa esin,
 ndeleng awak'e
 d e w e s i n g
 mudha blejet.
 Sidane golek
 g e g o d o n g a n
 kanggo nutupi
 awak'e.



Na, orak kosi
 suwe wong loro
 krungu nek Pengeran
 teka ning taman.
 Terus wong loro
 pada singetan ning
 isore wit-witan,
 merga wedhi nang
 Pengeran.





3. Asal-mula susah-payahe menungsa

Sak'marine Adam katek Hawa singetan ning isore wit-witan, Pengeran takon, "Ngapa kok sira mangan woh sing tak'penggak iku? Tapi Adam nyalahen bojone, bojone ya nyalahen ula.



Terus Pengeran Guneman, "Merga sira wes nglakoni dosa, yaiku nglanggar prentahe reang, sira kate tak'ukum." Nang ula Pengeran guneman, molai sak'iki sira nek mlaku nggawe weteng."



Nang wong wedok Pengeran guneman, "Pas nglairen jabang bayi, larane sira bakale tak'tambahi. Masia sira kepengen nguasani bojone, bojone sing bakale nguasani sira."

Nang wong lanang Pengeran guneman, "Merga sira luweh manut nang bojone, terus

mangan woh sing tak'penggak iku, lemah bakale tak'kutuk. Molai sak'iki lemah bakale nyukulen suket eri. Terus sira kudu susah payah, nyusang jempalik golek sandang pangan. Terus, sira sing asale teka lemah bakale mbalek maneh nang lemah merga sira wes mangan woh sing bisa genei ilmu iku.



La, ning pinggire wit sing wohe bisa genei ilmu iku, ana wit liyane sing bisa genei urip langgeng nang menungsa. Terus, Pengeran guneman, "Ajo sampek menungsa sing wes weroh ilmu apik katek ilmu sing elek urip sak'lelawase."

Maringono Pengeran nundung Adam katek Hawa teka njerone taman. cekne orak bisa mangan woh teka wit sing genei urip langgeng nang menungsa. Tapi, sak'durunge ditundung, Pengeran nggwei sandangan teka kulite kewan, ngganteni gegodongan sing digawe wong loro iku mau.






4. Banjir Gede

Sak'marine Adam katek hawa ditundung teka taman, menungsa ning dunya iki temangkar dadi akeh. Tapi molai cilik, atine menungsa kabeh wes pada jahat. Pengeran ndeleng menungsa jahat nang sak'pepadane, ya apa maneh lali nang Pengeran. Mangkane Pengeran kate nekak'en banjir gede kanggo ngukum ndunya iki.



Masia ngono ana salah sijine wong sing uripe nyenengen Pengeran, jenenge Nuh. Nuh iku uripe jujur nang p e p a d a m e n u n g s a n e katek raket nang Pengeran.




Terus Nuh dikongkon gawe prau sing
gede cekne bisa nyelameten Nuh
sak'keluargane ya katek sak'anane
kewan sing kenek dipangan, pitung
jodo-pitung jodo, sing orak kenek
dipangan sak'jodo-sak'jodo.



Maringono Nuh manut nang kongkonane Pengeran. Teruse Nuh sak'keluargane ya katek kewan-kewan iku mau mlebu nang prau iku. Terus Pengeran dewe sing nutup lawange prahu iku.

Maringono Pengeran nekak'en udan, sing suwene 40 dina, 40 bengi sampek



kabeh menungsa karo sak'anane kewan pada mati kelelep. Tapikne Nuh, sak'keluargane, ya katek kewan-kewan iku mau pada slamet ning jerone prau.

Teruse banyu iku ngebek'i ndunya iki kurang luweh limang wulan. Maringono Pengeran nekak'en angin kepekne banyu iku bisa asat. Bareng banyune molai asat, prahune Nuh kesasang ning gegunungan

Ararat. Masia ngono
 Nuh ya orak ndang
 metu teka prau iku
 merga gek ngenteni
 banyune asat
 temenan. Nyatane
 bareng oleh enim
 wulan baru lemahe
 garing temenan terus ana tandur tuwuh
 sing wes urip.



Maringono Nuh sak'keluargane ya
 katek kewan-kewan
 iku mau metu teka
 njerone prau. Na
 saking nedan
 nerimane, Nuh
 njupuk pepirang
 kewan sing kenek
 dipangan, terus
 diobong dadi korbane nang Pengeren.





5. Janjine Pengeran nang Abraham



Sak'marine Nuh dislameten teka banjir gede, menungsa ning dunya iki temangkar dadi akeh. Ana salah sijine turun-temurune Nuh, sing jenenge

Abraham.

Pas umure Abraham wes 75 taun, Abraham nerima **wangsit** teka Pengeran sing unine ngene: "Abraham, mbesok turunane sira bakale dadi bangsa sing gede. Terus ngliwati sira reang bakale mberkahi kabeh bangsa ning ndunya iki."



Suwene-suwe, bareng umure Abraham wes 99 taun, bojone Abraham gek durung duwe anak. Pas sak'mono Abraham oleh wangsit maneh teka Pengeran sing unine ngene: "Abraham, bojone sira bakale

nglaiрен lare lanang, terus turunane sira bakale dadi bangsa sing gede."

Ngrungok'en iku Abraham dadi ngguyu terus guneman, "Njare bisa kedadean? Wong reang iki wes tuwek, apa maneh bojone reang ya wes 90 taun."

Tapikne Pengeren guneman, "Bojone sira pancen bakale mbobot lare lanang. Mbesok nek lair, lare iku jenengana 'Isak.'" (Na, nurut bahasane wong kono Isak iku tegese 'guyu.')

Bareng oleh sak'taun, bojone Abraham nglaiрен lare lanang. Terus lare iku dijenengi 'Isak.'



Suwene-suwe keturunane Isak temangkar dadi bangsa sing gede Terus diarani wong Ibrani.





6. Wong Ibrani nerima prentahe Pengeran

Sak'marine wong Ibrani dadi bangsa sing gede, Pengeran milih salah sijine wong dadi pemimpine wong Ibrani, wong iku jenenge Musa. Maringono Pengeran nggawai nang **Nabi** Musa watu lebek loro kabehe. Ning watu iku ana prentah-prentahe Pengeran sing antarane ngene:



Ajo nyembah sak'liyane Pengeran dewe.

Ajenana wong tuwek'e sira sing gek ana ning dunya iki, kepekne umure sira didawak'en.

Ajo mateni wong.

Ajo jina.

Ajo nyolong.

Ajo kepengen paran wae sing dadi duwek'e kancane."

Terus Nabi Musa nggawa prentah-prentah iku nang wong Ibrani.





7. Janjine Pengeran nang Raja Daud

Pas Pengeran nggewei prentah-prentah nang wong Ibrani, wong-wong iku kudu manut nang aturane Pengeran. Tapi suwe-suwe wong-wong iku orak seneng nang aturane Pengeran. Wong-wong iku kepengen diatur nang salah sijine raja wae.

Masia orak seneng, Pengeran nuruti karepe wong-wong iku. Terus Pengeran milih salah sijine wong cekne dadi rajane wong Ibrani. Wong iku jenenge Saul.

Nah Raja Saul iki gelek orak manut nang prentahe Pengeran. Mangkane Pengeran milih wong liya cekne ngganteni Saul dadi raja. Wong iku jenenge Daud.

Nah, Raja Daud iki nyenengen atine Pengeran. Daud gelek gawe kidung-kidung kanggo muji nang Pengeran. Karo maneh Daud luweh percaya nang kuasane Pengeran timbangane kuasane menungsa.



Terus Pengeran njanji nang Raja Daud ngene:

“Daud, mbesok salah sijine turunane sira bakal dadi raja pilihane reang. Wong iku bakale tak'dadek'en anak'e reang terus reang sing dadi bapakne. Apa maneh, wong iku bakal mrentah ning kerajaane sak'lelawase.”

Mari ngrungok'en janji iku, Raja Daud mlebu nang enggon sembayang terus memuji nang Pengeran.





8. Ramalane Nabi Yesaya

Sak'marine Raja Daud, wong Ibrani
gelek orak manut nang prentahe Pengeren.
Mangkane Pengeren mbolak mbalik ngutus
nabi-nabine kanggo ngilingen wong Ibrani.
Salah sijine nabi iku jenenge Yesaya. Nabi
Yesaya akeh nggewei ramalan ngenek'i
paran sing bakal kedadean. Salah sijine
ngene:

"Kabeh menungsa keblaso
tiru wedus sing mlaku karepe dewe.



Masia kabeh menungsa kudu diukum,
tapikne Pengeran bakal ngutus **abdine**
kanggo nanggung ukumane menungsa.
Masia abdi iku orak duwe salah
peparan,
abdi iku bakale dicekel,
terus diambleki nemen.
Tapikne mek meneng wae,
tiru korban wedus sing meneng pas
dibeleh.
Abdi iku bakale dipateni bareng wong
ukuman liyane.
Maringono bakal dikubur ning kuburane
wong sugeh.
La, masia abdine iku mati,
abdi iku bakal tangi teka pepati,
terus urip ning swarga sak'lelawase.
Na, merga patine abdi iku nanggung
ukumane menungsa,
akeh wong pada percaya
terus diselameten teka dosa-dosane."





9. Riwayate laire Yesus

Kurang luweh pitungatus taun marine Nabi Yesaya, ana lare prawan Ibrani sing jenenge Maria. Maria iki wes dikramani Yusuf dadi bojone.

Sak'wijine dina Maria ditekani **malaekat.** (Maleekat iku makluk teka swarga sing entah menungsa, tapi praene tiru kilat, sandangane putih memplak.)

Malaekat iku guneman ngene: "Maria, Sira bakal mbobot lare lanang, mbesok nek lair jenengana 'Yesus,' sing tegese, 'Pengeran nyelameten menungsa.'

Lare iku bakal diarani Anak'e Pengeran dewe, terus bakale dadi Raja pilihane Pengeran sing mrentah ning kerajaane Raja Daud sak'lelawase."

Terus Maria guneman, "Njare bisa kedadean? Wong esun iki gek prawan, durung tau sanding wong lanang."

Terus malaekat njawab, "Nanak sing orak kira kanggo kuasane Pengeran."



Maringono gunemane malaekat iku kedadean temenan. Masia Maria mbobot, Yusuf tetep rabi Maria. Tapi orak gepok senggol kaprahe wong bebojonan nganti bayi iku lair.

Na, pas iku, rajane wilayah kono nganak'en cacah jiwa, sing kabeh warga kudu mbalik nang nggone pelairane dewe-dewe, kanggo dicatet. Na Yusuf iki gek klebu turunane Raja Daud biyen. Merga iku Yusuf kudu budal nang kotane Raja Daud, yaiku kota Betlehem, sing lakune kurang-luweh limang dina limang bengi.

Teka ning Betlehem kono penginepan wes nanak, wes bek kabeh. Oleh panggonan ning gedokan. Na ning gedokan kono Maria nglaiрен jabang bayi lanang. Terus jabang bayi iku diramut, terus diturok'en ning palungan. Bareng oleh wolung dina, lare iku dijenengi Yesus.





10. Terigu katek Alang-alang

Bareng umure Yesus kurang luweh 30 taun, Yesus molai mulang nang desa siji nang desa liyane. Salah sijine dina Yesus mulang nang wong akeh ngene:



"Ana wong tani manja terigu. Na, bengine musuhe manja alang-alang. Bareng wes duwur, koli-koline takon, "Lo, biyen rika manja trigu sing apik! Sak'iki kok capur alang-alang?"

Wong tani njawab, "Ya iku kelakoane musuhe reang."

Terus koli-koline takon maneh, "Tak bubutane ya, alang-alange?"



Tapikne wong tani guneman, "Ajok! Nek sira bubuti alang-alang, terigune katut mati. Engko nek wes wayahe panen, reang ngongkon wong sing manen nglumpuk'en

sak'kehe alang-alang, terus diobong. Sak'kehe terigu ya diklumpuk'en terus dilebok'en ning njerone gudang."

Maringono Yesus katek murit-murite moleh. Ning kono murit-murite takon, "Paran tegese paribasane rika iku mau?"

Yesus negesen, "Gaga iku nggambaren ndunya iki. Wong tani iku, reang, **Raja sing dipilih Pengeran** kanggo mrentah ndunya iki. La, sing musuh iku **Iblis**. Terigu iku wong-wong sing melu reang. Alang-alang iku wong-wong sing melu Iblis. Na, wayahe panen iku nggambaren **kiamat**. Terus wong sing manen iku malaekat."

"Mbesok pas kiamat, (yaiku dinane ndunya iki wes nanak maneh), reang bakale ngongkon malaekat-malaekate reang nglumpuk'en wong-wong sing melu Iblis, terus dilebok'en ning **neraka**, ning enggone geni gede. Ning kono enggone tangis karo nggeget untu merga saking larane sak'lawas-lawase. Ya wong-wong sing melu reang bakale diklumpuk'en terus dilebok'en ning **swarga**. Ning kono bakale seneng sak'lawas-lawase."






11. Angin katek Ombak manut nang Yesus

Sak'wijine dina, Yesus ngejak rolas murite nunggang prau layar, nyabrang Ranu Galilea. (Ranu iku ambane kurang luweh 10 kilo.) Sak'marine budal, Yesus keturon.

Orak dinyana-nyana, mara teka angin gede. Saking gedene angin, saking gedene ombak, banyu mlebu nang njerone prau.



Terus murit-murite ngguggah Yesus,
“Blaen guru! Kene kabeh bakale mati!”

Yesus tangi ambek guneman banter, "Mandeka angin! Menenga banyu!" Terus angin mandeg, banyune meneng.



Terus Yesus guneman nang murit-murite, "Ngapa sira orak percaya nang reang?"

Murit-murite kabeh pada kewedhen ambek gawok. Terus guneman siji katek sijine, "Sapa sih sak'temene wong iki? Angin katek ombak manut nang kongkonane!"

Terus Yesus katek murit-murite nerusen lakune sampek njebul nang sak'sebrange ranu.





12. Ewonan setan manut nang Yesus

Sak'marine nyabrang ranu, Yesus katek murit-murite njebul ning daratan. Bareng jebul ning daratan, Yesus campuh karo wong sing klebon **setan**. Wong iki wes suwe orak k e k l a m b e n . Manggone orak ning omah, tapi manggone ning kuburan. Masia mari ditaleni, masia mari dirante, tapi ya ucul wae.




Bareng campuh, Yesus ngongkon setan iku metu. Terus setan sing ana ning jerone guneman, "Yesus anak'e Pengeran sing Maha Agung, ajo nyiksa reang."

M a r i n g o n o
Yesus takon, "Sapa
jenenge sira?"

Setan-setan
iku njawab, "Reang
ewonan setan."

(W o n g i k u
guneman ngongo
merga dileboni
ewonan setan.)



Na ketepak'an ning kono ana babi-babi sing diington. Teruse setan-setan iku njaluk temenan nang Yesus ngene, "Reang ajo dilebok'en neraka. Reang njaluk mlebu ning babi-babi ika." Maringono Yesus ngiyani.



Terus setan-setan mau metu teka wong iku, mlebu nang babi-babi ika. Mara-mara babi-babi iku mau mlayu mudun nang curah, nyemplung nang ranu, terus mati klelep. Ndeleng kedadean iku wong-wong sing angon babi pada mlayu nang kota, ndongengen kedadean iku nang warga kono. Maringono warga kono pada teka, ndeleng wong sing diwarasen mau, wes keklamben, terus lungguh ning pinggire Yesus. Warga kono pada kewedhen, terus njaluk Yesus ninggalen enggon kono.

Pas Yesus kate budal, wong sing diwarasen iku mau njaluk kepengen melu. Tapikne Yesus guneman, "Sira ajo melu. Angur sira critak'na kedadean iki nang sak'kabehe warga sekitare kene." Terus wong iku nglakoni paran sing dikongkonen Yesus.





13. Sarate melu Yesus

Sak wijine
dina, Yesus
ndedunga dewe.
Sak'marine
ndedunga, Yesus
takon nang murit-
murite ngene, "Nek
nurut sira reang iki
sapa?"



Salah sijine murit njawab ngene, "Rika
iku Raja Pilihane Pengeran."



Teruse Yesus guneman, "Reang iki
pancen Raja Pilihane Pengeran. Reang
bakale orak ditampa karo pemimpin-

pemimpine wong Ibrani, ya disiksa, ya dipateni. Tapi pas telung dinane reang bakale tangi teka pati terus urip ning swarga sak'lelawase.

Nek sira
kepengen melu
reang, sira kudu
mburek'en butuhe
dewe terus saben
dinane kudu melu
reang, masia bisa
dipateni.



Nek sira nyerahen uripe nang reang,
sukmane sira bakale slamet sak'lelawase.
Tapi nek sira nggeceki uripe kanggo
butuhe dewe, sukmane sira bakale orak
slamet sak'lelawase.

Mbesok, pas kiamat, reang bakal
ngakimi ndunya iki. Nek sak'iki sira ngakoni
dadi murite reang ning ngarepe wong,
mbesok, pas kiamat, reang bakal ngakoni
sira dadi murite reang. Tapi, nek sak'iki sira
esen nang wong dadi murite reang, mbesok,
pas kiamat, reang ya esen ngakoni sira dadi
murite reang.





14. Swarga karo Neraka

Sak'wijine dina Yesus cerita nang **pemimpin agama** Ibrani sing kedunyan. Ceritane ngene: "Tau ana wong sugeh sing keklamben apik temenan, terus pangane wong iku saben dinane entah wong sing slametan. Na ana maneh wong mlarat sing nggletak ning ngarep pager omahe wong sugeh iku mau. Wong mlarat iku ngenteni kekarene pangan sing dibuak wong sugeh iku mau. Terus wong iku awak'e wes borok'en kabeh. Apa maneh keganggu kirik-kirik sing ndilati borok'e.

Sak'wijine dina wong mlarat iki mati. Terus sukmame muggah nang swarga, oleh panggonan sing lenah ning pinggire bapak Abraham, yaiku mbah buyute wong Ibrani. Maringono wong sugeh iku mau ya mati pisan, terus sukmame mudun nang neraka. Ning kono klaran temenan ning jerone geni sak'lelawase.

Maringono teka kadohan, wong iku ndeleng wong mlarat mau ana ning pinggire Bapak Abraham. Terus wong iku guneman, 'Bapak Abraham, mesak'na reang iki! Kepe wae wong mlarat iku gawa banyu,

titik wae, mrene,
merga reang
kepanasan ning
kene.'

T e r u s
semaure bapak
Abraham, 'Le, ning
antarane Neraka
karo swarga ana
curah sing jero
temenan. Dadi
sapa wae ning
swarga orak bisa
mrana. Sapa wae
ning neraka orak
b i s a m r e n e
sak'lelawase.'



Maringono wong sugih iku mau
guneman maneh, 'Nek ngono, kepe wae
wong mlarat iku tangi teka pati terus nuturi
dulure reang sing gek ana lima iku, cekne
tobat temenan. Nek ngono dulure reang
mbesok orak mlebu nang neraka kene.'

Terus semaure Bapak Abraham, 'Kepe
wae dulure sira manut nang wuruk'ané Nabi
Musa karo nabi-nabi liyane ning kitab suci.
Nek dulure sira orak nggatek'en wuruk'ané
nabi-nabi biyen, ya mestine orak nggatek'en
wong sing tangi teka pati.'"





15. Yesus nguripen wong mati

Ning sak'wijine desa ana wong sing jengenge Lasarus. Lasarus iki urip katek dulure wedok loro sing jenenge Maria katek Marta. Keluarga iki raket katek Yesus.

Na, sak'wijine dina Lasarus iki lara nemen. Masia Yesus krungu, Yesus sengaja kosi rong dina gek ndengok nang Lasarus. Tapi Yesus wes weroh nek Lasarus wes mati.

Maringono Yesus katek murit-murite budal nang enggone Lasarus sing lakune kurang-luweh sak'dina. Barenge Yesus meh mlebu nang desa, Marta krungu, terus mapak Yesus ning jabane desa. Bareng campuh Marta guneman, "Guru kokna rika ning kene orak sampekkedadean Lasarus mati."

Terus Yesus guneman, "Lasarus bakal urip maneh."

Maringono Marta guneman maneh, "Esun weroh nek kabeh wong mati bakale diuripen maneh pas dina kiamat, kanggo diakimi."

Tapikne Yesus guneman, "Reang iki sing gawe urip. Sapa wae sing percaya nang reang, masia mati, bakale tangi teka pati, terus urip sak'lelawase ning swarga. Percaya tah sira?"

Maringono Marta njawab, "Ya, Esun percaya rika iku Raja pilihane Pengeran."

Maringono Yesus, Marta, Maria, katek wong akeh ndengok nang kuburane Lasarus. (Nah kuburan biyen iku rupa gua sing ditutup karo watu gede.)

Terus Bareng njebul ning kuburane Lasarus, Yesus ngongkon wong bukak tutupe kuburan. Tapi Marta guneman, "Ajo, wes oleh petang dina, wes mambu."

Yesus guneman, "Nek sira percaya, dina iki uga sira bakale ndeleng kuasane Pengeran." Terus marine watu tutupe kuburan iku diingiren. Yesus ndedunga. Mari ndedunga, Yesus guneman banter, "Lasarus, tangia! Metu'a teka kuburan iku!"

Durung sepira suwe, Lasarus sing gek kebuntol lawon metu teka njerone kuburan. Ndeleng kedadean iku, wong-wong sing ana ning kono pada percaya nang Yesus.



Tapikne ana wong-wong sing wadul nang pemimpin-pemimpine agama Ibrani, ndongengen kedadean sing wes mari diweruhi. Merga kuwatir akeh wong sing percaya katek Yesus, wong-wong iku pada ngrekadaya njare bisane mateni Yesus.





16. Wong dosa sing kepengen weroh Yesus

Sak'wijine dina Yesus ngliwati kota Yeriko. Ning kono akeh wong sing pada kepengen weroh Yesus. La, ning wong kono ana wong sing jenenge Sakeus, sing penggaweane dadi tetuwek'e narik pajek. Sakeus sugeh merga carane nyambut gawe ngakali wong.

Sakeus kepengen weroh Yesus tapikne



kerepotan merga awak'e Sakeus iku endek, ning kono akeh wong. Mangkane saking kepengen weruhi Yesus, Sakeus mlayu ndiki'i.

Terus menek kayu
sing bakal diliwati
Yesus.

Pas teka isore
wit iku, Yesus
neleng nduwur
terus guneman,
"Sakeus muduna
reang kate mampir ning omahe sira."
Saking senenge Sakeus ndang-ndang
mudun.



Tapikne wong-wong ning kono pada
grundel, "Ngapa'a Yesus kok dadi mampir
ning omahe wong dosa?" Tapi Yesus mampir
wae ning omahe Sakeus.

Teka njero omahe Sakeus, Sakeus
guneman, "Dunya branane reang iki sing
separoh kate tak'dumen wong sing orak
duwe. Katek wong sing tau tak'akali biyen
catek tak'balek'en ping papate."



Terus Yesus guneman, " Dina iki uga
sira katek
keluargane sira
dislameten. Merga
Raja Pilihane
Pengeran nggolek'i
wong katek
nyelameten wong
sing salah dalane."






17. Yesus nerima putusan diukum pati

Sak'wijine dina Yesus guneman nang murit-murite ngene, "Reang bakal dipasrahen nang pemimpin-pemimpine wong Ibrani, terus digawa nang pemerintah sing njajah bangsa Ibrani. Wong-wong iku bakale ngenyek reang, nyiksa reang, ya mateni reang. Tapi pas telung dinane, reang bakal tangi teka pati, terus urip ning swarga sak'lelawase."

Nah, sak'minggu marine dina iku, paran sing diomongan Yesus pancen kedadean temenan. Yesus dicekel karo pemimpin-pemimpine wong Ibrani, teruse sisuk isuk'e, digawa nang Gubernur sing jenenge Pilatus.

La, Pilatus iku asale teka bangsa Roma sing pas iku njajah bangsa Ibrani. Ning kono pemimpin-pemimpine wong Ibrani nuduh Yesus ngene, "Wong iki ngejak wong Ibrani



n g l a w a n
pemerintah Roma,
ya uga menggak
wong Ibrani cekne
orak mbayar pajek
nang pemerintah
Roma."

Masia tuduhan iku orak bener, Tapikne Yesus mek meneng wae. Nah, ndeleng Yesus mek meneng wae, Pilatus dadi gawok temenan. Terus ngerti nek pemimpine wong Ibrani nglakoni ngono merga iri nang Yesus.

Pas iku ana akeh wong sing diojok-ojok'i pemimpin Ibrani cekne njaluk Yesus dipati. Teruse Pilatus takon nang wong-wong iku ngene, "Karepe sira, wong iki tak'kapak'en?"

Wong-wong sing diojok-ojok'i mau pada bebengok, "Patenana wae!"

Tapi Pilatus takon maneh, "Paran salahe wong iki?"

Wong-wong iku tambah banter bebengok, "Patenana wae! Patenana wae!"

Pas iku, Pilatus ndeleng wong akeh iku wes molai ngamuk. Dadi Pilatus nuruti karepe wong-wong iku. Teruse Yesus dipasrahen nang prajurit-prajurit Roma. Maringono prajurit-prajurit iku ngambleki Yesus gawe pecut sampek meh mati. Tempo mari nglakoni ngono, prajurit-prajurit iku nggawa Yesus cek'ne diukum pati.





18. Yesus diukum pati

Sak'marine disiksa, Yesus diukum pati, sing rupa disalib. Disalib iku, sikil karo tangane wong dipaku ning kayu, terus dideken kepe mati lelonan.



Barenge Yesus disalib, uga ana rampok loro sing disalib pisan. Pas iku kira-kira jam sanga isuk.

Ning kono ya akeh wong nonton, ya ana wong liwat, ya ana pisan pemimpin-pemimpine agama. Terus pemimin agama, karo wong sing liwat, pada ngenyek Yesus ngene, "He tukang nyelameten wong, ayo wes, selametna awak'e sira dewe!"

Terus, salah sijine rampok sing disalib ya melu-melu ngenyek. Tapikne rampok sijine orak melu-melu ngenyek. Rampok iku guneman nang kancane, "Nek reang katek sira iki pantes diukuman tiru ngene iki. Tapi Yesus iku orak duwe salah peparan. Rampok iku terus guneman nang Yesus, "Yesus, mbesok pas dina kiamat reang percaya rika sing dadi Raja kanggo ngakimi kabeh menungsa. Pas iku reang njaluk, ilinga nang reang."

Terus Yesus guneman, "Dina iki uga sira bareng reang ning swarga."



Na, pas jam rolas, mara-mara ana peteng dedet sing suwene telung jam. Maringono Yesus ndedunga banter, "Duh Bapak sukmane reang tak'pasrahen nang Rika." Mari guneman ngono, Yesus mati. Yesus mati kira-kira jam telu sore. Bareng patine Yesus ana kedadean lindu gede. Terus watu-watu pada mrekat.

Maringono Yesus dikubur ning kuburan sing dicawisen wong sugeh. Kuburan iku rupa watu sing ditatah entah gua, terus ditutup karo watu gede.





19. Yesus urip maneh teka pepati

Sak'marine dina suci, ana murite Yesus, wong wedok telu, nyang kuburane Yesus isuk-isuk jabut. Wong wedok telu mau nggawa ramuan katek lenga wangi perlune kanggo nglengani mayite Yesus kepe ajo mambu.



Ning tengah dalan wong wedok telu iku pada guneman, "Sapa ye sing bisa nulung mbukak watu gede, tutupe kuburan iku?"



Durung suwe kedadean ana lindu gede, malaekat mudun teka swarga terus mbukak tutupe kuburan iku. Sing praene malaekat iku tiru kilat, sandangane putih memplak.

Malaekat terus guneman nang wong wedok telu iku, "Ngapa sira nggolek'i wong urip ning enggone wong mati? Yesus wes urip maneh."



Ndeleng kedadean iku wong wedok telu iku mau wedhi campur seneng. Kesususu mlayu sak'perlu ndongengen nang murit-murit liyane.

Ning tengah dalan, wong wedok telu mau dicampuhi Yesus. Terus Yesus nyapa. Wong wedok telu iku mau pada ngrangkul sikile Yesus katek nyembah.





20. Yesus munggah nang swarga

Sak'marine campuh karo Yesus, wong wedok-wedok mau cerita nang murit-murit



liyane nek Yesus wes urip maneh. Na bengine, bareng murit-murit kabeh w e s p a d a nglumpuk mara-mara Yesus ngadeg ning tetengahan ambek nyapa.

Ndeleng Yesus, murit-murit iku pada kaget ambek kewedhen temenan, ndarak'en nek iku memedhi.

Terus Yesus guneman, "Lo! Ngapa sira kok wedhi ambek bimbang nang reang? Reang duduk memedhi. Delengen cek'e paku ning tangan karo sikile reang. Candak'en! Merga memedhi orak duwe belung ya orak duwe daging entah reang iki."

Tapi, merga saking senenge, murit-murit iku orak bisa percaya nek iku pancen Yesus. Cekne percaya nek iku pancen Yesus dewe, Yesus jaluk pangan terus digenei iwak. Iwak iku muka, dipangan ning

ngarepe murit kabeh.

Terus, Yesus mbukak pikire murit-murite cekne weroh nang ramalane Kitab Suci nek raja pilihane Pengeran pancen kudu disiksa terus telung dinane urip maneh teka pati."

Maringono Yesus guneman maneh, "Sapa wae sing tobat, terus percaya nang reang, dosa-dosane bakal disepura. Na, kabeh sing sira deleng iki kudu dicriktak'en nang kabeh bangsa. Tapikne, cekne bisa nyeritak'en iku, sira kudu ngenteni kuasane **Sang Roh Suci teka Pengeran.**"

Sakwise iku, kurang luweh petang puluh dina marine, Yesus ngejak murit-murite nang sak'jabane kota. Teka enggon kono, Yesus mberkahi murit-murite. Sekala iku, mara-mara, Yesus munggah nang swarga. N d e l e n g kedadean iku murit-murit pada nyembah nang Yesus. Maringono murit-murit iku pada mbalik nang kota ambek ati sing seneng.





21. Murit-murite Yesus nerima kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran

Kurang luweh 10 dina marine Yesus munggah nang swarga, ning kota Yerusalem ana riaya panen. Merga iku wong-wong teka akeh bangsa ana ning kota Yerusalem. Ning kono uga murit-murite Yesus nglumpuk ning salah sijine omah. Mara-mara krungu gemlegere suara entah suarane angin gede ning omah iku. Katok pisan entah murupe geni ning duwure murit-murit kabeh. Terus murit-murite Yesus digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran. Pas sak'mono, wong-wong iku gek pada sadar, tapi bisa guneman gawe bahasa-bahasa liya sing maune orak diweruhi.

Na, ngrungok'en gemlegere suara iku, wong wong teka akeh bangsa mau pada marek nang omah iku. Wong-wong sing teka pada guneman, "Kok wong-wong Galilea iki bisa guneman gawe bahasane kene sing asale teka akeh bangsa?" Sing liyane guneman, "Wong-wong iku mek mabuk tok."

Tapi salah sijine murite Yesus sing jenenge Petrus ngadek terus guneman gawe suara sing banter, "Wong-wong iku orak


mabuk! Wong-wong iku bisa guneman gawe bahasa-bahasa liya merga digenei kuasane sang Roh Suci teka Pengeran."

"Rungok'na, Yesus sing sira pateni ning kayu salib iku, wes urip maneh teka pati. Iku mbuktek'en nek Yesus iku Raja Pilihane Pengeran."

Na, mari ngrungok'en gunemane Petrus, wong-wong sing ana ning kono pada krasa nek wes salah terus pada guneman, "Paran sing kudu tak'lakoni?"

Terus Petrus guneman, "Tobatah sira teka dosa-dosane sira, terus percaya'a nek Yesus iku Raja Pilihane Pengeran. Terus sira kudu **dibaptis**, utawa awak'e sira dilebok'en ning jerone banyu. Nek nglakoni ngono Pengeran bakale nyepura dosa-dosane sira. Terus sira bakale digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran."


Na, dina iku uga ana kurang luweh 3,000 wong sing dipabtis merga percaya nang Yesus.





22. Ciri-cirine wong sing digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran

Sak'marine dinane telung ewu uwong percaya nang Yesus, suwe-suwe ana salah sijine wong Ibrani sing percaya pisan nang Yesus. Jenenge Paulus. Paulus iku nulis surat nang wong cekne ngerti sapa sing mestine kenek kutukan teka Pengeran.



Salah sijine pesen ning surat iki ngene:

Nek sira orak bisa sempurna nglakoni
kabeh perintahe Pengeran, sira mestine
kenek kutukan teka Pengeran ning
ndunya iki karo ning akherat
sak'lelawase.

Tapi ajo kuwatir!

Yesus wes nanggung kutukane sira pas
mati ning kayu salib.

Nek sira percaya patine Yesus wes
nanggung kutukane sira, sira bakal
dislameten teka kutukan iku.

Terus, sira bakale digenei kuasane
Sang Roh Suci teka Pengeran, cekne
bisa mateni watek sing elek kaya
sombong, iri, seneng jina, karo
percaya nang jimat-jimat.

Maringono sira bisa nyenengi
sak'pepadane menungsa, bisa sabar,
bisa seneng masia susah, ya bisa
nguasani hawa napsune dewe.

Ya iku ngono ciri-cirine wong sing
digenei kuasane Sang Roh Suci teka
Pengeran nurut Kitab Suci.





23. Yesus bakale ngakimi ndunya

Ana murite Yesus sing jenenge Yohanes. Yohanes iku dilebok'en bui merga melu Yesus. Salah sijine dina Yohanes nerima wangsit teka Pengeran.

Sak'jerone wangsit iku Yohanes ndeleng Yesus. Rambute Yesus putih memplak, raine entah sengenge. Terus sandangane tiru wong pengarepe sembayang.

Pas ndeleng Yesus, Yohanes tiba entah wong sing mati merga saking wedhine. Tapik'ne Yesus nyandak Yohanes ambek guneman, "Ajo wedhi. Reang iki kawitan karo pungkasan. reang nguasani pepati, karo nguasani neraka. Reang tau mati, tapi wes tangi teka pati, terus urip ning swarga sak'lelawase."

"Rungokna! Mbesok pas kiamat, reang bakal ngakimi kabeh menungsa, karo Iblis pisan. Pas iku, blai'a wong-wong sing klakoane gek reget, yaiku wong-wong sing goroh karo jahat. Wong-wong iku bakale orak diolehi mlebu nang swarga. Wong-wong iku bakale dilebok'en ning neraka bebarengan Iblis sak'lelawase."

"Tapi, bungah temen wong-wong sing kelakoane wes dirijiki ning njerone getihe reang. Wong-wong iku bakal diolehi mlebu nang swarga, terus mangan woh teka wit sing nggenei urip langgeng nang menungsa."



Kamus kata-kata sing digawe ning buku iki

Abdi - utusan sing ngabdi nang Gusti Pengeran. Wong iku setia nang Pengeran sampek mati. Nyatane Yesus sing dadi Abdine Pengeran sing sejati.

Dibaptis - awak'e wong dilebok'en banyu merga wes tobat terus percaya Yesus bisa nyepura dosa-dosane.

Iblis - rajane kabeh setan karo roh-roh jahat.

Kiamat - dina pungkasane jaman pas Raja Pilihane Pengeran bakal ngakimi kabeh menungsa.

Malaekat - makluk teka swarga sing raine karo sandangane putih memplak. Makluk iki diutus kanggo nyampek'en pesene Pengeran nang menungsa.

Nabi - Wong menungsa sing digenei pesene Pengeran cekne digawa nang wong liya.

Neraka - enggon siksaan kanggo wong sing orak melu Yesus. Ning kono wong-wong diobong ning geni gede sak'lelawase.

Pemimpin agama - ning Kitab Suci wong iki diarani 'Wong Farisi.' Wong Farisi iku sregep nglakoni aturane agama tapi lali nang Pengeran karo sak'pepadane.

Pengeran - Sing Kuasa, Sing Gawe Urip.

Raja pilihane Pengeran - wong menungsa sing dipilih nang Pengeran kanggo nebus dosane menungsa karo mrentah ndunya sak'lelawase. Nyatane Yesus sing dadi Raja Pilihane Pengeran.

Sang Roh Suci teka Pangeran - Roh sing digenei Pengeran nang saben wong sing melu Yesus cekne bisa dadi suci, memper Yesus.

Setan - roh jahat sing manut nang Iblis kanggo ngrusak uripe menungsa.

Swarga - enggon lenah sing disiapen kanggo wong sing melu Yesus. Ning kono wong-wong bisa weroh Pengeran sak'lelawase.

Wangsit - pesene Pengeran sing digenei langsung nang menungsa ngliwat impi utawa penglihatan.

